



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ETABLI 28 AVRIL KÒM DAT POU ELEKSYON ESPESYAL POU 27YÈM DISTRI ELEKTORAL, PLAS KI VID NAN ASANBLE ETA AK SENA ETA A**

*Eleksyon lejislatif Eta ki konvoke nan konte Onondaga, Cayuga, Monroe, Suffolk ak Queens*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a yon pwoklamasyon pou etabli dat 28 avril kòm dat eleksyon espesyal pou 27yèm Distri Elektoral ak twa plas nan Asanble a ki vid ak yon plas nan Sena a ki vid. Ou ka wè pwoklamasyon Gouvènè a [isit la](#) epi li enkli anba la.

**PWOKLAMASYON**

**LÈ NOU KONSIDERE**, gen yon pòs vid nan biwo Manm Chanm Reprezantan Etazini an (United States House of Representatives) nan vennsityèm Distri Elektoral la nan Genesee, Livingston, Orleans, Wyoming ak kèk pati nan Konte Erie, Monroe, Niagara ak Ontario akòz demisyon Chris Collins;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gen yon pòs vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan douzyèm Distri Asanble nan Konte Suffolk lan, akòz demisyon Andrew Raia;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gen yon pòs vid nan biwo Manm Asanble Eta New York la nan tranteyinyèm Distri Asanble nan Konte Queens lan, akòz demisyon Michele Titus;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gen yon pòs vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan santrannsizyèm Distri Asanble nan Konte Monroe an, akòz demisyon Jamie Romeo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gen yon pòs vid nan biwo Manm Sena Eta New York la (Senate of the State of New York) nan senkantyèm Distri Sena ki gen kèk pati nan Konte Onandaga ak Cayuga, akòz demisyon Robert Antonacci;

**KOUNYE A, POUTÈT SA, MWEN, ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak Seksyon 42 Lwa Fonksyonè Piblik la, bay lòd epi pwoklame gen yon eleksyon pou Manm Chanm Reprezantan Etazini, Asanble ak Sena Eta New York pou ranplase Chris Collins, Andrew Raia, Michele Titus, Jamie Romeo ak Robert Antonacci epi pou kouvri rès manda yo, ki pral fèt nan Asanble ak Distri Sena sa yo jou vent-uit avril de mil ven, eleksyon sa yo dwe fèt nan yon fason ki konfòm ak lalwa pou eleksyon Manm Chanm Reprezantan Etazini ak manm Asanble a ak Sena Eta New York la.

FÈT anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany, dizyèm jou mwa fevriye nan lane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)